

Èske mwen kapab Retade Odyans lan?

Wi. Ou ka "ranvwaye" (retade) odyans lan si ou gen yon rezon valab. Ou dwe eksplike rezon an ba ALJ epi ALJ ap deside si rezon an apwopriye oswa si li pa apwopriye. Men kèk egzanp rezon ki valab:

1. Ou ka gen yon ijans.
2. Ou vle yon avoka epi ou pa t kapab jwenn youn.
3. Ou pa t kapab rankontre avoka ou.
4. Ou bezwen plis tan pou rasanble prèv yo.

Si li posib, ou ta dwe mande yon dèle anvan dat odyans depi ou ekri oswa rele Seksyon ALJ. Si ALJ pa ba ou yon dèle anvan odyans lan, ou dwe ale nan odyans lan epi ou dwe mande yon dèle an pèsòn. Si ou pa kapab ale poukout ou, ou ka voye yon reprezantan anvan avèk yon eksplikasyon ou siyen pou fè konnen pou kisa ou pa t kapab ale nan odyans lan. Si ALJ bay refi pou demann ou fè pou yon dèle, ALJ ap fè odyans lan.

Kisa k Ap Pase Si Mwen Pa Ale nan yon Odyans?

Si ou pa ale nan odyans lan, ALJ ka fè odyans lan san ou pa la epitou li ka pran yon desizyon sou ka ou san li pa konsidere pwendvi ou nan istwa a.

Si ou pa ale nan odyans lan pou yon rezon ki valab (pa egzanp, ou te gen yon ijans medikal oswa ou pa t gen reprezantasyon legal), ou ta dwe aplike pou DOL re-louvri ka ou, pou ALJ kapab tande pwendvi ou nan istwa a. Si ALJ remake ou te gen yon rezon ki valab, I ap re-louvri ka a.

Kisa k Ap Pase si Ansyen Patwon Ou Pa Ale nan yon Odyans?

Si ou mande pou gen odyans lan men ansyen patwon ou pa ale nan odyans lan, ALJ ka fè odyans lan epi li ka pran yon desizyon sou ka ou san li pa konsidere pwendvi ansyen patwon ou nan istwa a. Apre odyans lan, ansyen patwon ou ka aplike pou re-louvri ka a. Si ALJ remake ansyen patwon ou te gen yon rezon ki valab, I ap re-louvri ka a.

Si ansyen patwon ou mande pou gen odyans lan men li pa vini nan odyans lan, lè sa a ALJ ap pran yon desizyon otomatikman sou ka a anfavè ou.

Kilè M ap Resevwa Desizyon ALJ?

Ou ta dwe resevwa yon desizyon nan twa (3) semèn. Si ou pa resevwa desizyon an, ou ta dwe rele DOL oswa ALJ kote ou te gen odyans ou (nimewo telefòn sou Avi pou Odyans lan).

Kisa pou Mwen Fè Si Mwen Pa Dakò avèk Desizyon ALJ?

Ou kapab konteste desizyon ALJ. Yon kontestasyon se yon demann fòmèl ou fè nan yon nivo "pi wo", ki rele Komisyen Kontestasyon pou revize si desizyon ALJ kòrèk.

Ou kapab pou konteste desizyon an swa 1) lè ou soumèt yon fòm ou ranpli ba Komisyen Apèl la, oswa 2) lè ou voye yon lèt ba DOL ki endike ou vle konteste desizyon an. Demann ou dwe gen tem ki gen dat nan 20 jou apre dat ki nan so sou desizyon ALJ. Ansyen patwon ou ka konteste desizyon an tou.

Si ou pa prezante nan odyans lan, ou pa ka konteste desizyon ALJ, men ou ka mande pou ALJ re-louvri ka ou.

Kisa k Ap Pase Lè Gen Kontestasyon ki Fèt kont yon Desizyon? Apre ou soumèt demann ou pou yon kontestasyon, ou ka soumèt yon deklarasyon alekri ba Komisyen Kontestasyon an, ki eksplike pou kisa desizyon ALJ pa kòrèk. Yon avoka oswa yon lòt moun kapab ede ou prepare deklarasyon ou. Ansyen patwon ou ap jwenn pèmisyon pou soumèt yon deklarasyon tou.

Anvan ou soumèt deklarasyon ou, ou ta dwe revize transkripsyon odyans ou. (Transkripsyon an se dosye ekri tout sa ki di nan odyans lan.) Ou kapab jwenn transkripsyon an depi ou ekri Komisyen Kontestasyon an apre ou resevwa yon "Avi Resepsyon Kontestasyon" epi anvan ou dat ou dwe fè deklarasyon ou. Ou ta dwe mande Komisyen Kontestasyon an nan ki dat transkripsyon an ap pare epi si ou kapab soumèt deklarasyon ou nan ven (20) jou apre dat sa a.

Si Komisyen Kontestasyon an remake te gen yon pwoblèm nan odyans ou, I ap voye ka ou retounen ba ALJ pou yon lòt odyans oswa I ap fè yon odyans poukout li.

Si Komisyen Kontestasyon an deside desizyon ALJ pa t kòrèk, I ap anile desizyon an.

Kisa k Ap Pase si Mwen Genyen Men Ansyen Patwon Mwen Konteste Desizyon an? Ansyen patwon ou oswa (DOL) ka konteste yon desizyon yo pran anfavè ou. Ou kapab soumèt yon deklarasyon alekri pou fè konnen ou pa dakò avèk kontestasyon an. Si ou soumèt yon deklarasyon konsa, ou gen menm dwa tankou si ou te pèdi nan odyans lan epi si ou te fè yon kontestasyon pou tèt ou. Pa egzanp, ou ka revize transkripsyon an epi/oswa ou ka konsilte yon avoka.

Si Komisyen Kontestasyon an anile yon desizyon ki anfavè ou, ou ka gen pou remèt avantaj yo.

WE ARE YOUR DOL



Unemployment Insurance Division

Kesyon ak Repons Konsènan Odyans sou Avantaj Asirans Chomaj

Tiliv sa a bay repons pou kesyon debaz yo konsènan odyans sou avantaj asirans chomaj. Li eksplike kijan ou ta dwe prepare pou odyans lan ak ki dwa ou genyen nan odyans lan.

Kisa yon Odyans ye?

Yon odyans se yon pwosè enfòmèl yo fè pou detéminte si ou gen dwa oswa si ou pa gen dwa pou avantaj asirans chomaj ("UI"). Se yon Jij Lwa Administratif [Administrative Law Judge ("ALJ")] ki fè odyans lan nan Depatman Travay Eta New York [New York State Department of Labor ("DOL")].

Kimoun Jij Lwa Administratif la ye?

Jij Lwa Administratif la, ki rele yon ALJ tou, se yon anpliwaye Komisyon Kontestasyon UI DOL. ALJ dwe asire tout moun yo jwenn yon chans egalego pou fè tande vwa yo, pou prezante prèv yo, epitou pou jwenn yon desizyon san patipri. Apre odyans lan, ALJ ap bay yon desizyon konsènan si ou gen dwa oswa si ou pa gen dwa pou avantaj UI.

Pou Kisa pou Gen yon Odyans?

Ou kapab mande pou gen yon odyans pou konteste desizyon DOL pran pou refize ba ou avantaj yo. DOL ap fè ou konnen desizyon an ak rezon pou refi a pa lapòs nan yon "Avi pou Detèminasyon." Si ou pa dakò avèk rezon an, ou ka mande yon odyans depi ou voye yon lèt ba DOL. Demann ou dwe gen tenm ki date nan 30 jou apre dat ki nan Avi pou Detèminasyon an.

Ansyen patwon kapab mande pou gen yon odyans pou konteste desizyon DOL pran pou ba ou avantaj yo. Yo fè odyans lan pou detéminte si kontestasyon ansyen patwon ou kòrèk.

Kimoun Ki Kapab Patisipe nan Odyans lan?

- Oumenm ak yon moun ki kapab ede ou prezante ka ou. Moun sa a kapab yon avoka, yon ajan otorize, reprezantan sendika, oswa senpleman yon zanmi.
- Ansyen patwon ou oswa reprezantan li (yo) ki ka gen yon avoka pami yo.
- Oumenm ak ansyen patwon ou gen dwa pou vini avèk temwen nan odyans lan.
- DOL ka voye yon reprezante pou defann desizyon li.

Èske Mwen Kapab Egzamine Dosye Mwen Anvan Odyans lan?

Wi. Nenpòt kilè anvan odyans lan, ou ka rele Seksyon ALJ pou fè aranjman pou wè dosye ou.

Kisa Mwen Ta Dwe Pote nan Odyans lan?

Ou ta dwe pote nenpòt papye ou te resevwa nan Divizyon UI DOL. Ou ta dwe pote nenpòt papye tou oswa lòt prèv k ap sipòte pozisyon ou tankou kontra yo, lèt yo, souch chèk peman yo, desizyon arbitraj, akò nan negosyasyon ant anpliwaye ak patwon, tiliv oswa manyèl enfòmasyon pou anpliwaye, nòt doktè, ak foto.

Pandan odyans lan, ou ta dwe mande ALJ pou aksepte papye sa yo nan dosye a. Lè ALJ ap pran desizyon sou ka ou, li kapab konsidere sèlman papye oswa lòt prèv ki idantifye nan odyans lan epi ki aksepte nan dosye apre lòt moun nan te jwenn yon posiblite pou revize yo.

Ansyen patwon ou kapab mande ALJ pou aksepte prèv yo tou, epi ALJ kapab admèt papye dosye ou nan dosye a. Ou gen dwa pou revize nenpòt prèv anvan ALJ aksepte li pou dosye a.

Kisa k Ap pase nan yon Odyans?

Pou kòmanse odyans lan, ALJ ap idantifye moun ki konsène yo ak pwoblèm, li dwe abòde nan odyans lan. Answit, ALJ ka kesyone ou, ansyen patwon ou ak nenpòt temwen nenpòt moun ka genyen. ALJ ka tande pwendvi ansyen patwon ou nan istwa a anvan. Y ap anrejistre tout temwayaj yo epi y ap pran yo sou sèman. Nenpòt moun ki konsène nan odyans lan kapab prezante papye oswa lòt prèv fizik. Oumenm, ansyen patwon ou, ak avoka (yo) oswa reprezantan (yo) nou chak, ka kesyone nenpòt temwen tou. Sa rele "kont-entèwogatwa." Si ou gen pwoblèm, ou kapab mande ALJ pou ede ou.

Pandan odyans lan, ALJ ka konsidere nouvo kesyon konsènan ka ou ki pa idantifye nan "Avi pou Detèminasyon an" oswa kontestasyon patwon an. Si ALJ konsidere nouvo kesyon yo, li dwe gen yon rezon valab pou konsidere yo epitou li dwe ba ou eksplikasyon sou sa. Si ou pa prepare pou diskite sou yon nouvo kesyon, ou gen yon dwa pou "ranvwaye" (retade) odyans ou pou prepare.

Nan fen odyans lan, oumenm ak ansyen patwon ou kapab bay deklarasyon final ki rezime agiman ou yo.

Èske Mwen Kapab Vini avèk Temwen?

Wi. Ou kapab vini avèk nenpòt moun nan odyans lan ki kapab bay ALJ enfòmasyon ki sipòte pozisyon ou. Ansyen patwon ou ka vini avèk temwen tou. Oumenm, ansyen patwon ou, ak ALJ ap kapab kesyone tout temwen yo.

Kisa pou Mwen Fè si Mwen Pa Kapab Jwenn Prèv oswa Temwen Mwen Bezwén yo?

Si ou bezwen yon dokiman, oswa lòt prèv, k ap ede ou pwouve ka ou, men ou pa kapab jwenn yo nan men moun ki genyen yo, ALJ kapab ede ou. ALJ kapab fòse moun ki gen prèv yo pou pote yo. Pou fè sa, I ap bay moun nan yon papye ki rele yon "Asiyasyon pou Vini nan Odyans." Ou kapab mande ALJ pou bay yon asiyasyon pou vini nan odyans lan epi si ALJ satisfè demann ou, I ap retade odyans lan pou yo kapab remèt moun nan asiyasyon pou vini nan odyans lan.

Menm jan tou, si ou bezwen yon temwen enpòtan vini nan odyans lan, men temwen an refize, ou kapab mande ALJ pou fòse temwen an vini nan odyans lan. Pou fè sa, ALJ ap bay temwen an yon asiyasyon pou vini nan odyans lan. Yon fwa ankò, sa ap lakòz odyans lan pran reta.

Si ou pa bezwen èd yon ALJ pou jwenn yon papye oswa yon temwen, men si ou bezwen tan pou jwenn li, ou kapab mande ALJ plis tan. ALJ ap sèlman ba ou plis tan si ou gen yon rezon valab pou mande li.

Si ou gen yon temwen ki vle bay temwayaj men li pa kapab vini nan odyans lan pou kèlkeswa rezon an, ou kapab mande ALJ pou pèmèt temwen an bay temwayaj la nan telefòn.

Ansyen patwon ou ak DOL gen menm dwa pou jwenn prèv ak temwen yo.

Èske Mwen Kapab Vini avèk yon Avoka oswa avèk yon Moun pou Ede Mwen?

Wi. Ou kapab vini avèk yon avoka oswa nenpòt lòt moun nan odyans lan pou ede ou. Si ou pa gen mwayen pou pran yon avoka, ou ka jwenn youn gratis nan Legal Aid Society zòn ou oswa nan Pwogram Sèvis Legal yo. Se sèlman yon avoka oswa yon ajan anrejistre ki kapab fè ou peye yon frè pou ede ou (epi answit sèlman si ou genyen nan odyans lan). Nenpòt moun ki pa fè ou peye yon frè kapab ede ou. Ansyen patwon ou kapab vini avèk yon avoka oswa yon ajan tou.